

ETA FLORIDA

PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE KATASTWÒF



DEPATMAN OPÒTINITE
EKONOMIK FLORIDA

Yo te Soumèt bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pou satisfè egzijans pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Retablisman Apre Katastwòf la (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou efò retablisman apre Ouragan Irma a.

Modifikasyon Lejè Nimewo 7			
# Paj Avan	# Nouvo Paj	Seksyon	Chanjman/Adisyon/Anilasyon
103	106	IV. Pwojè ak Aktivite Tablo Bidjè Pwogram Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Mobilizasyon Lòt Sous Finansman	Chanje "Prim Mwayèn pou chak Inite" soti nan \$60 000 pase a \$78 000 epi chanje "Estimasyon kantite inite ki kreye" kòm sadwa sòti nan 1 670 rive 1 282
103	106	IV. Pwojè ak Aktivite Tablo Bidjè Pwogram Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv la: Ti Lojman pou Lwe	Chanje "Prim Mwayèn pou chak Inite" soti nan \$ 125,000 pase a \$225,000 epi chanje "Estimasyon kantite inite ki kreye" kòm sadwa sòti nan 160 rive 88
114 - 115	117-122	IV. Pwojè ak Aktivite Asistans pou Demenajman Provizwa Limite pou Mèt Kay ak Lokatè	Efase seksyon <i>Asistans Limite pou Demenajman Provizwa pou Mèt Kay (Demenajman Fakiltatif)</i> epi Asistans Limite pou Demenajman Pwovizwa pou Lokatè yo epi ajoute politik DEO a pou Alokasyon pou Lojman Provizwa pou benefisyè Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman
116	123	IV. Pwojè ak Aktivite Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv	Efase fraz la : " Pwojè yo se pral pou nouvo konstriksyon epi ka gen ladan rekonstriksyon lojman ki pa abitab." Pwiske FHFC pral fini tout nouvo aktivite konstriksyon.
117-118	125	IV. Pwojè ak Aktivite Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv Mobilizasyon Fon CDBG- DR ak Lòt Sous Finansman	Chanjman sitasyon Abmisibilite ki te 105(a)(4) (donk : netwayaj, demolisyon, eliminasyon, rekonstriksyon, ak reyabilitasyon) pou 105(a)(2) (donk : achte ak konstwi).

118-119	126	IV. Pwojè ak Aktivite Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Ti Lojman pou Lwe	Chanjman sitasyon Abmisibilite ki te 105(a)(4) (donk : netwayaj, demolisyon, eliminasyon, rekonstriksyon, ak reyabilitasyon) pou 105(a)(2) (donk : achte ak konstwi).
119	126	IV. Pwojè ak Aktivite Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv	Chanjman sitasyon Abmisibilite ki te 105(a)(4) (donk : netwayaj, demolisyon, eliminasyon, rekonstriksyon, ak reyabilitasyon) pou 105(a)(2) (donk : achte ak konstwi).
119	126	IV. Pwojè ak Aktivite Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv	Efase "Kòporasyon Finansman Lojman Florid la ka anvizaje ogmante kantite limit pa inite a", ki te repete pa erè nan kategori anvan yo.
120	127	IV. Pwojè ak Aktivite Pwogram Volontè Reyachte Kay	Ajoute enfòmasyon ke se responsablite sou-benefisyè yo pou soutni epi founi evalyasyon, tit ak sèvis legal, sèvis konsèy pou mèt kay, verifikasyon anviwònmanal, ak pwosesis ki gen rapò ak reyachte kay la.
120	127	IV. Pwojè ak Aktivite Pwogram Volontè Reyachte Kay	Chanje "Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program - HMGP)" pou "Pwogram sibvansyon "Asistans Rediksyon Danje" (Hazard Mitigation Assistance - HMA) pou rekonèt ke Pwogram Sibvansyon pou Limite Danje (HMGP), Pwogram Rediksyon Pre-Dezas (PDM), ak Pwogram Asistans Kontwòl Inondasyon (FMA) se opsyon ke sou-benefisyè yo ka sèvi pou yo ogmante finansman CDBG-DR kòm kontrepati.
178	189	Aparadis 11	Nouvo pwojeksyon depans

Bidjè Pwogram									
Pwogram	Bidjè Total	Vantilasyon Bidjè MID		Rezèv Minimòm pou Keys	Rezèv Minimòm pou Nouvo MIDs	Estimasyon Alokasyon LMI	Prim Maksimòm	Prim Mwayan Pa Inite	Estimasyon Kantite Inite**
		80 %	20 %						
Bidjè LOJMAN									
Pwogram Reparasyon Lojman	\$346 186 147	\$240 402 400	\$53 927 400	\$50 000 000	\$51 856 347	90 %	\$150.000	\$45.000	7.150
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv: Mobilizasyon Lòt Sous Finansman	\$100 000 000	\$80 000 000	\$20 000 000	\$25 000 000	PA APLIKAB	100 %	\$8 000 000	\$78.000	1.282
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Ti Lojman pou Lwe	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	\$0	PA APLIKAB	100 %	\$5 000 000	\$225 000	88
Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	\$10 000 000	PA APLIKAB	100 %	\$5 000 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Pwogram Volontè Reyachte Kay	\$75 000 000	\$60 000 000	\$15 000 000	\$10 000 000	PA APLIKAB	50 %	\$5 000 000	\$225.000	300
Bidjè REVITALIZASYON EKONOMIK									
Fòmasyon Mendèv pou Repriz	\$20 000 000	\$16 000 000	\$4 000 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB	100 %	PA APLIKAB	PA APLIKAB	PA APLIKAB
Sibvansyon pou Retablisman Biznis	\$66 000 000	\$52 800 000	\$13 200 000	PA APLIKAB	PA APLIKAB	100 %	\$500.000	PA APLIKAB	1.200

Si pwopriyete a nan yon plenn inondab 100 ane, aplikan an ap oblije kenbe asirans inondasyon ajou pou toutan epi avize nouvo pwopriyete yo egzijans asirans inondasyon yo. Lalwa federal egzije moun k ap viv nan yon plenn inondab gen asirans sou pwopriyete a pou toutan. Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford la entèdi resevwa asistans pou katastwòf pou kòz ratman nan asirans inondasyon ; se pandan faz admisibilite pwogram nan ke yo pral etidye si yon pwopriyete oblije swiv règleman sa a. Si yon aplikan elijib pou asistans nan pwogram nan, sa pral egzije ke gen yon akò sibvansyon, restriksyon tit pwopriyete, kontra oswa lòt mwayen aplikasyon sou pwopriyete a k ap mande pou yo kenbe asirans inondasyon sou pwopriyete sa a pou toutan. Yon prim ka gen ladan tou asistans pou peye jiska de premye 2 zan prim asirans inondasyon pou moun ki elijib yo. Pi douvan lè eta Florid pral defini règleman ak pwosedi li yo, li pral tou definiti tou paramèt yo pou tabli si yon moun adminisb pou èd ak prim asirans inondasyon.

Selon kantite enskripsyon ki gen kounyè a, DEO prevwa satisfè tout bezwen lojman ki rete toujou gras a Pwogram Reparasyon Lojman ak Ranplasman.

Alokasyon pou Aktivite : \$346 186 147

Rezèv pou Keys : \$50 000 000

Nouvo rezèv pou Kominote ki pi afekte e ki pi an difikilte : \$ 51,856,347

Aplikan ki elijib : Mèt kay epi mèt lojman pou lwe, pami yo PHA, ke kay yo viv ladan li an sibi domaj nan Siklòn Irma ak mèt lojman pou lwe.

Elijibilite : Eta pral bay priyorite pou mèt kay ki touche 80 % AMI oswa mwens epi lojman kote lokatè yo se moun LMI. Lè yo fin ak kategori sa a, DEO ap ka etidye dosye aplikan ki touche plis pase 80 pousan AMI. Yo ka fè kalkil apa pou zòn Florida Keys selon chak ka.

Rejis Federal la (FR-6109-N-01) entèdi asistans CDBG-DR si :

- (a) revni fanmi an met ansanm bay plis pase 120 pousan AMI a oubyen medyàn nasyonal la ;
- (b) pwopriyete a te nan yon plenn inondasyon nan moman dezast la ; epi
- (c) mèt pwopriyete a pa t gen asirans inondasyon sou pwopriyete ki domaje a, menm lè pwopriyete kay la pa te oblije gen asirans sa a.

Prim Maksimòm (pa inite) : \$150 000*

Antite ki responsab administrasyon an : Depatman Opòtinite Ekonomik Florid

Elijibilite : 105(a)(4)

Objektif nasyonal : alokasyon pou moun ki touche revni fèb oubyen mwayen oswa Bezwen Ijan

**DEO ka leve limit \$ 150 000 lan si pri restriksyon ak enstalasyon an monte pi wo pase premye kalkil la akòz enpak Siklòn Michael sou mache a.*

Asistans Limite pou Demenajman Provizwa pou Mèt Kay (Demenajman Fakiltatif)

Selon ka a DEO gen dwa decide bay yon asistans limite pou aplikan epi ki bezwen kite lakay yo pandan restriksyon ap fèt ladan yo. Pou chak ka ki elijib yo pral kalkile montan asistans la selon popilasyon ki gen priyorite yo epi resous ki disponib.

Asistans Limite pou Demenajman Provizwa pou Lokatè

Si lokatè yo oblije demenaje, DEO ap peye tout kou obligatwa epi rezonab pou demenajman, selon sa Lwa sou Relokasyon Inifòm (URA) nan egzijè. Nan ka kote demenajman an depase yon ane, yo dwe kontakte lokatè yo epi yo ofri chwa pou yo rete nan kay demenajman provizwa oswa pou yo trete w kòm yon moun ki deloje pou tout tan selon nòm URA yo. Policies and procedures will be developed at a later date before the commencement of repair activities under the Housing Repair Program.

Alokasyon pou Lojman Provizwa (THAB)

Apèsi

Jeneralman, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (HRRP) Rekonswti Florid la pa peye kou demenajman Provizwa pou aplikan ki pral oblije kite kay yo pandan aktivite konstriksyon yo. Pwiske se yon pwogram volontè yo mete aplikan yo okouran règleman yo lè y ap fè demann nan. Tout sa moun nan bezwen pou yo demenaje pandan tan sa a se pral se kont aplikan an.

Pwogram Rekonstwi Florid DEO an rekonèt ke gen benefisyè HRRP, sitou sa a yo ki gen mwayen modès epi ki gen moun vilnerab lakay yo, ki ka gen difikilte lajan akòz depans ki pral vin fèt nan lojman pwovizwa ke yo ka bezwen pandan reparasyon oswa rekonstriksyon an. Rekonstwi Florid pral bay èd provizwa pou lwaye pou mèt kay ki gen difikilte, selon ka yo. Pwosedi sa a idantifye kijan pwosesis sa a pral aplike pou idantifye ka apwopriye yo pou depans lojman provizwa.

Pou evite deplasman ak sanzabri, Rebuild Florida te mete kanpe **Alokasyon pou Lojman Provizwa (THAB)** pou bay plis asistans pou mèt kay ki gen difikilte lajan k ap patisipe nan HRRP, le yo apwouve asistans reyabilitasyon oswa rekonstriksyon epi mèt kay la siyen Akò Sibvansyon, jouk yo fin repare kay ki domaje a. Se nan kad HRRP Rekonswti Florid la ke THAB peye lòt depans elijib pou lojman oswa lwe kay, pou jiska 6 mwa, depi fanmi an touche 120% AMI oswa mwens ke sa epi li se yon benefisyè k ap resevwa asistans pou reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman kay yo ke Irma te domaje.

THAB la se yon alokasyon asistans pou lwe kay ki ale dirèkteman nan reyabilitasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon yon kay. Ki fè ke alokasyon THAB pa rantre nan kalkil lajan ke moun resevwa pou reyabilitasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon kay. Limit pwogram konstriksyon ki nan Plan d Aksyon an se pou depans konstriksyon dirèk ak endirèk ki fèt nan reparasyon akòz Irma. Limit alokasyon THAB anndan Pwogram nan pral yon maksimòm \$10 000 000. Si gen konpayi DEO chwazi pou responsab konstwiksyon an vin bay reta se kapab konpayi a vi vin responsab asistans lwaye an plis lan epi asistans sa a pa rantre nan limit THAB la.

Mèt kay ki chwazi rete kay zanmi oswa fanmi olye y ale rete nan otèl oswa anfème yon apatman pou kèk mwa pa ka resevwa alokasyon THAB. Ki plis, si yon mèt kay t ap sèvi avèk asistans THAB pou peye otèl oswa anfèmeyon apatman vin kite sa pou li al rete ak zanmi oswa fanmi li p ap resevwa alokasyon THAB ankò.

Alokasyon pou Lojman Provizwa (THAB)

Alokasyon pou Lojman Provizwa (THAB) bay asistans pou lojman sou yon tan kout pou otèl pou 90 jou apeprè, oswa pou anfème yon apatman pou yon maksimòm 6 mwa. Li ka disponib pou mèt kay ki nan HRRP epi ki :

1. fanmi a touche 120 % AMI oswa mwens ke sa,
2. angaje yon Akò sibvansyon HRRP men konstriksyon poko fini,

3. bezwen lojman provizwa akòz lòt difikilte, epi Depatman (DEO) aprouve demann nan epi delojman provizwa a.
ke moun dwe kite kay ki domaje a pou sekirite ak lòt prekosyon pandan konstriksyon an, epi
4. yo pral rete nan yon otèl, motèl, otèl pou lojman oswa yo pral anfème yon apatman.

Elijibilite pou THAB

Anplis kondisyon ki sot site la a yo, gen kondisyon sa a yo ankò :

- fòk moun yon aplikan nan HRRP. Dosye « aktif » la vle di ke antant fèt deja, ki vle di mèt kay la gentan angaje sibvansyon ki nan Akò Sibvansyon Met Kay (HGA) la. Sa vle di alokasyon THAB ab bay sèlman pou moun kay yo kòmanse konstwi deja.
- Mèt kay la pa gen dwa resevwa asistans lojman nan men yon lòt biwo leta oswa òganizasyon charitab sinon pral gen dedoubleman alokasyon.
- Si mèt kay la te resevwa asistans pou lwaye nan men FEMA, Asistans Pou Lwaye Lokatè (TBRA), Asistans Lwaye pou Pwojè (PBRA), Lojman Seksyon 8, fòk kòb sa a fini anvan li resevwa lajan nan men CDBG-DR.
- Lajan ki bay pou lojman pa ka sèvi pou lòt bagay.

THAB se pa yon alokasyon dedouble pou reyabilitasyon, reparasyon oswa rekonstriksyon lojman, paske se yon aktivite apa.

Tip asistans THAB

Alokasyon pou Lojman Provizwa a depann de sa mèt kay la bezwen. Se spesyalis admisyon HRRP Rekonstwi Florid yo ki pral fè kalkil ki opsyon ki pi bon epi pi rezonab ki disponib pou mèt kay yo. THAB la kapab se lojman pwovizwa kou wè otèl, motèl oswa otèl pou lojman, men ki pa depase 90 jou. Pou bezwen ki depase 90 jou oubyen si sa pa disposib oswa gen lòt kote sa abloke, asistans la kapab yon asistans pou anfème yon apatman pou kèk mwa. Yo pral fè kalkil alokasyon a selon tarif Ajans sèvi leta (GSA) a pou zòn mèt kay la. Ou ka jwenn tarif GSA yo sou <https://www.gsa.gov/travel/plan-book/per-diem-rates>.

1. Asistans provizwa pou otèl : pou evite moun rete san kay epi soulaje depans yo, gen pami mèt kay yo ki bezwen asistans pou otèl (ki pa dwe depase 90 jou) pou yo fin konstwi kay yo. Pwogram sa a pral bay lajan pou lojman provizwa nan otèl pou fanmi sa a yo pou yon tan yo pa prevwa depase 90 jou.
2. Asistans provizwa pou lwaye : mèt kay yo ke yo prevwa ke konstriksyon sou kay yo pral pran plis ke 90 jou kapab jwenn yon asistans pou peye lwaye chak mwa pou yon maksimòm 6 mwa.
3. Asistans pwolonje : nan ka kote konpayi konstriksyon an avèti DEO ke pwojè a pral depase kalandriye yo te prevwa a epi mèt kay la pa p ka rantre nan kay li akòz dat ki depase asistans ki te prevwa nan kòmansman an, li posib ke yo pwolonje asistans la pou anpeche ke mèt kay la rete san kay oswa pou soulaje depans li. Yo pral fè pwolongasyon a selon nouvo kalandriye a ke konpayi konstriksyon a soumèt la.

Maksimòm Alokasyon THAB

THAB la pey 100 % tarif la pou jou a oswa mwa a, selon enfòmasyon yo anba a, san ke mèt kay la gen pou l bay moso a. Alokasyon a pa peye pou sèvis, kab televizyon, depo oswa lòt depans ki ka genyen. Men si

dlo oswa lòt sèvis rantre nan bay la li posib ke alokasyon a peye pou yo. Limit alokasyon THAB la se \$10 000 000.

Asistans provizwa pou otèl : Kalkil alokasyon maksimòm fèt selon tarif Administrasyon sèvis jeneral (GSA) yo (<https://www.gsa.gov/travel/plan-book/per-diem-rates>) epi jan konpayi konstriksyon an prevwa kalandriye a.

- Yo prevwa ke asistans provizwa pou otèl la pral nan menm konte ak kay ki domaje a, sof si sa pa disponib oswa gen lòt pwoblèm grav, HRRP kapab otorize lojman nan yon konte tou pre.
- Kantite epi kalite chanm yo pral koresponn a gwosè fanmi a selon deman Rekonstwi Florid la epi limit otèl la fikse sou kantite moun ki kapab nan chanm yo.
- Asistans pou otèl la pral sèlman pou tan sa pran pou fè reparasyon oswa rekonstriksyon nan kay la, oswa 90 jou, selon sa ki pi kout la. Si pou gen pwolongasyon se chak ka yo pral etidye apa selon sikonstans yo.

Asistans provizwa pou lwaye : asistans pou lwaye disponib se sèlman lè premye kalandriye konstriksyon sou kay la depase 90 jou. Si aplikan an jwen yon kay afème, yo pral kalkile alokasyon maksimòm nan pou chak mwa selon kantite tan sa pral pran pou fini pwojè konstriksyon an epi tarif afèmaj kay mwayen an pou 2019 pou yon kay ki gen menm kantite pyès chanm oswa pi piti nan menm zòn nan. Ou ka jwenn tarif afèmaj mwayen 2019 yo sou https://www.huduser.gov/portal/datasets/fmr/fmrs/FY2019_code/select_Geography.odn.

- Asistans la se swa, selon sa ki pi piti a : a) lwaye ki parèt nan kontra afèmaj la ak tout resi lwaye yo ; oswa b) arif afèmaj kay mwayen an pou 2019 pou zòn nan, selon kantite moun ki nan fanmi a epi kantite pyès chanm.
- Asistans lwaye nan plas asistans otèl disponib sèlman si premye kalandriye yo te prevwa pou konstriksyon nan kay la te mande ke aplikan an deloje pou plis pase 90 jou.
- Yo bay asistans lwaye a chak mwa.
- Asistans pou lwaye a la pral sèlman pou tan sa pran pou fè reparasyon oswa rekonstriksyon nan kay la, oswa 6 mwa, selon sa ki pi kout la.
- Dlo oswa lòt sèvis rantre nan bay la li posib ke alokasyon a peye pou yo.

REMAKE : Akòz eleman kou wè chanjman pousantaj epi travay administrasyon nan chanje pwogram lè yo fin demare, Eta a ka desida chanje tarif maksimòm pou mwa a keyon fanmi ka resevwa si HUD sòti nouvo tarif afèmaj mwayen.

Seleksyon lojman provizwa epi vèsman alokasyon

Se aplikan an ki pral resevwa asistans lojman ak lwaye provizwa a dirèkteman. Kalkil la fèt selon kalandriye ke konpayi konstriksyon a prevwa pou li fini apati moman aplikan an kite kay la, selon tarif lojman GSA yo.

Aplikan k ap resevwa alokasyon THAB dwe remèt pwogram nan resi ak prèv ke li peye. Tout kòb ki pa depanse nan premye vèsman nan moman y o pral fè dezyèm vèsman an yo pral retire nan pwochen vèsman an.

Si kalandriye a pi piti ke 30 jou yo pral peye asistans otèl la chak mwa. Men yon ekzanp kalandriye vèsman :

Kalandriye ke yo prevwa

Vèsman pou lwaye

5 jou	1 vèsman pou 5 jou
45 jou nan yon mwa 30 jou	2 vèsman, 1 pou 30 jou epi 1 pou 15 jou nan mwa apre a
45 jou nan yon mwa 31 jou	2 vèsman, 1 pou 31 jou epi 1 pou 14 jou
90 jou	3 vèsman, 1 pou chak mwa

Lajan THAB ka sèvi pou peye nouvo depans pou lojman oswa lwaya men **pa ka** sèvi pou ranbouse depans oswa dèt ki te fèt depi anvan. Lajan THAB paka sèvi pou manje oswa lòt depans, kou wè sèvis, kab televizyon, antrepozaj oswa lòt depans, sof si dlo ak sèvis deja nan yon lwaye selon sa ki de nan kontra afèmaj la.

- **Asistans pou otèl pwoviza** : pwogram la pral bay aplikan a kòb la. Aplikan an pral chèche lojman pwovizwa nan yon otèl nan menm konte ak kay la ki domaje a epi ki ka akeyi fanmi an.

Egzijans pou otèl la :

- Lajan THAB dwe sèvi pou yon biznis ki fè otèl, motèl oswa otèl pou lojman. Li entèdi sèvi ak lajan THAB pou peye pou rete nan kay yon zanmi, yon fanmi oswa yon etranje. Fòk gen prèv epi verifikasyon prezans nan otèl la.

- **Asistans pou lwaye pwovizwa** : se aplikan an ki dwe jwenn yon kay pou lwe ki koresponn a sa limenm oswa fanmi li bezwen. Fanmi a dwe chèche kay pou lwe nan menm konte kote kay domaje a ye a. **Anvan yo siyen kontra afèmaj la**, mèt kay la pral pote **Akò lwaye afèmaj** la bay HRRP pou yo apwouve li konsa li ka resevwa lajan an. Lè sa fin apwouve aplikan an pral resevwa THAB la dirèk, selon sa ki pi piti a : lwaye ki nan kontra afèmaj la oswa tarif afèmaj mwayen pou zòn nan pou ane 2019.

Egzijans kay pou lwe a

- Akòz yo fè kalandriye a akselere pou pwogram nan, kay yo chwazi anfème a dwe youn ki konstwi apre 1 janvyè 1978.
- Kay la pa gen dwa pwopriyete moun k ap anfème l la ni yon fanmi pwòch li.

Mèt kay la gen 14 jou pou li kite kay domaje a apre yo fè premye vèsman THAB la.

Fèy travay THAB ak kondisyon pou asistans lan kontinye

Mèt kay ki nan HRRP ki mande asistans pou lojman provizwa ap travay ak Spesyalis Admisyon li a. Spesyalis Admisyon an pral ranpli epi remèt Fèy Travay THAB la. Spesyalis Admisyon an pral travay tou ak ekip konstriksyon an pou jwenn enfòmasyon nan konpayi konstriksyon ke pwogram nan te chwazi pou mèt kay la pou fè previzyon sou konbyen tan l ap bezwen lojman provizwa a epi kalkile ki lè travay yo sipoze ap fini.

- Anplwaye HRRP pral verifye nan ki stad pwojè konstriksyon an ye konpare ak dat konpayi konstriksyon an te prevwa a. Si gen reta yo pa te prevwa ki afekte dat travay la pral fini epi dat demenajman yo, kapab gen pwolongasyon ki chak p ap depase 30 jou.

Met sou sa, mèt kay yo ap gen pou ranpli fòmilè Oto-Sètifikasyon Asistans Lwaye a pou yo resevwa finansman THAB.

Direktiv pwogram gen enfòmasyon sou Fèy Travay THAB, fòmilè Oto-Sètifikasyon Asistans Lwaye, ak echantiyon avi pou mèt kay.

Asistans ki kanpe oswa anile

- THAB sè sèlman pou mèt kay ke yo evalye epi yo wè ki elijib pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la. DEO rekonèt ke ka gen sikonstans ki pa t prevwa ki vin lakòz yon mèt kay yo sòti, vin kanpe oswa vin pa elijib, apre yo te gentan fin deklari li elijib epi apre mèt kay la te dakò rantre nan pwogram lan. Sitiyasyon sa yo ka rive menm si li pa souvan ditou.
- Si yon mèt kay ki elijib ki te resevwa oswa k ap resevwa asistans THAB vin sòti, kanpe oswa vin pa elijib, asistans THAB la dwe sispann imedyatman kou anplwaye pwogram lan fin fè konsta. Met sou sa, mèt kay la dwe remèt Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la tout lajan yo te bay pou asistans THAB.
- Pwiske ka gen sikonstans ki lakòz mèt kay la vin sòti soswa pa aktif apre ke yo vin jwenn li admisi epi li fin dakò patisipe nan pwogram lan, DEO kapab fè yon eksepsyon nan politik ranbousman an si DEAO vin jwenn epi askepte prèv dokimante difikilte sa a yo. Yo pral chanje règleman ak pwosedi THAB selon jan pwogram lan ap evolye epi vin gen sitiyasyon ki pa te prevwa.
- Si antant fèt deja, akò sibvansyon fin angaje epi yon mèt kay pa kite kay la nan tan pou travay konstriksyon yo ka kòmanse, pwogram lan pral avèti mèt kay la epi y ap sispann asistans lojman provizwa a. Met sou sa, mèt kay la gen 30 jou pou li sèvi avèk sèvis lajan sètifye pou li remèt Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la tout lajan yo te bay pou asistans THAB la.
- Si yon mèt kay fè neglijan oswa domaje lojman oswa lokasyon provizwa an, HRRP a pral avize mèt kay la imedyatman epi anile asistans lan. Mèt kay la responsab tout kou domaj yo.
- Lè kay la fin pase dènye enspeksyon, yo atann aske mèt kay la demenaje nan moman sa a epi retounen nan kay li. Pa p gen lòt vèsman THAB apre jou kay la fin pase enspeksyon final la.
- Si mèt kay la chwazi rete kay zanmi oswa fanmi olye li al rete nan otèl oswa anfème yon apatman li pa p elijib pou vèsman THAB. Si yon rezèvasyon otèl oswa afèmaj kanpe pou ale rete ak fanmi oswa zanmi vèsman yo pral kanpe.

Aranjman pou aksèsibilite/pou moun ki andikape

Efò rezonab ap fèt pou akomode aksèsibilite ak lòt bezwen espesyal pou asire ke nouvo kay la reponn bezwen mèt kay la ak manm yo nan kay la.

Kay mobil ak kay prefabrike

Kay mobil oswa kay prekabrike ka kalifye pou reyabilitasyon avèk pwogram sa a. Sepandan, pou jere kou yo byen, kay mobil ki pou ranje a pa dwe gen plis pase senk ane nan moman asistans lan epi depans reparasyon pou reyabilite kay mobil/prefabrike a pa dwe depase \$ 15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk). Nenpòt kay mobil/prefabrike ki gen plis pase senk ane oswa kou yo prevwa pou reparli a depase \$ 15 000 pral ranplase ak yon lòt lakay mobil/prefabrike. Kay la dwe satisfè nòm HQS lè li fini. Si règleman zòn nan pa aksepte ranplasman yon kay mobil, DEO pral pèmèt konstriksyon ranplasman sou sit la oswa inite modilè ki konfòme yo ak nòm yo. Y ap analize apa chak ka ki mande ranplasman sou yon lòt sit nan yon anviwònman ki pi sekirite. Ranplasman se demoli, retire epi ranplasyon yon MHU ki domaje ak yon nouvo MHU ak menm anplasman an plizoumwens oswa nan yon nouvo zòn, si inite orijinal ki domaje a te sou tè ki te an fèm epi mèt MHU dwe deplase ale sou yon nouvo pwopriete. Demenajman yon nouvo MHU pral mande plis analiz anviwònman ankò.

Rezime egzijans elijiblite :

Pwogram reparasyon lojman DEO a pral sèvi mèt kay ki se rezidan prensipal yo ak mèt pwopriete pou lwe yo konte ke HUD epi eta a idantifye ki pi afekte epi pi sinistre yo. Mèt pwopriete yo dwe pwouve domaj ke Siklòn Irma fè pou yo kalifye pou asistans reparasyon, rekonstrikasyon oswa ranplasman. Kritè kalifikasyon adisyonèl sa a yo aplike :

- A. Kay ke Irma domaje (DR-4337). Pwopriete a dwe gen prev andomajman ki te fèt akòz dezaz la ki te deklare a. FEMA, SBA, epi/oswa yon konpayi prive pral fè enspeksyon pou dokimante ki reparasyon kay la bezwen.
- B. Sepandan eta a pral bay priyorite bay mèt kay aplikan ki touche 80 pousan AMI a, oswe mwens; epi mèt kay ki lwe bay moun LMI. Lè yo fin ak kategori sa a, DEO ap ka etidye dosye aplikan ki touche plis pase 80 pousan AMI.
- C. Tout aplikan dwe mèt yon kay pou yon fanmi, yon kay mobil/prefabrike, oswa yon pwopriete pou lwe ki nan konti Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Konte Lucie ak Volusia ; epi nan 11 kòd postal ki pa nan zòn sa a yo (32084 ak 32145 nan St. Johns, 32091 nan Bradford, 32136 nan Flagler, 32771 nan Seminole, 33935 ak 33440 nan Hendry, 33523 nan Pasco, 33825 ak 33870 nan Highlands ak 34266 nan DeSoto) anvan evènman tanpèt Irma a. Remake byen ke 80% lajan an dwe depanse nan konte ak kòd postal ke HUD fin deziyen MID. Rès 20% lajan kapab depanse nan lòt zòn ki pa t deziye MID epi ki te anba yon Deklarasyon Dezas Prezidansyèl.
- D. Fanmi ki fè plis pase 120 pousan medyàn revni zòn nan epi ki nan zòn inondasyon an ki pa gen asirans inondasyon nan moman siklòn lan pa pral kalifye pou yo resevwa finansman pou reyabilite oswa rebati kay yo.

Pwogram Nouvo Konstrikasyon Lwaye Abòdab pou Mendèv

DEO ap travay an kolaborasyon avèk Kòporasyon Finansman Lojman Florid (FHFC) pou jere yon pwogram ki pral bay rezilta konstrikasyon nouvo lojman abòdab nan zòn ki afekte nan Siklòn Irma ak nan zòn ki gen eksperyans yon foul popilasyon akòz migrasyon soti nan Puerto Rico ak Zile Vyèj ameriken akòz Siklòn Maria. FHFC pral sèvi yon sou-jestyonè DEO, nan administre youn oswa plizyè apèdòf nan men konpayi konstrikasyon, ke yo fonksyone avèk ou san benefis, pou bati lojman abòdab nan zòn ke eta a sible. Pwogram Nouvo Konstrikasyon Lwaye Abòdab ap bay de (2) mwayen finansman diferan pou fasilite kreyasyon inite lojman bon jan kalite, pou ede devlope rezistans Florid ak soulaje mank kay pou lwe ki se rezilta tanpèt yo nan zòn ki pi afekte yo nan eta a. Nan pwogram sa a « mendèv » vle di moun LMI. Lojman abòdab sa a yo sipoze disponib pou moun vilnerab epi redwi risk ke moun rete san kay nan egzije ke pami konstrikasyon yo finanse yo ke yo kenbe omwens 10 pousan nan

inite yo pou fanmi ki gen revni trè fèb (ELI) dapre revni medyàn zòn nan ke Kòporasyon an fikse, kenben omwens 5 pousan nan inite ELI sa a yo pou Moun san kay ki gen Bezwen Espesyal jan sa defini nan Lwa Florid yo. Lajan CDBG-DR se pral prè ak zewo enterè, san amòtisman (pami yo prè ki kapab efase tou) pou konpayi konstriksyon ki kalifye ke yo pral chèche lòt lajan mete sou yo oubyen tou yo kapab sèl finansman pou yon konstriksyon. ~~Pwojè yo se pral pou nouvo konstriksyon epi ka gen ladan rekonstriksyon lojman ki pa abita.~~ Tout nouvo lojman pou lwe ap rete nan kategori abòdab la pandan 20 an. Aplikan elijib yo ap jwenn lajan CDBG-DR gras a yon pwosesis aplikasyon konpetitif.

DEO ap pwopoze aktivite Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab sa a yo nan kad lan :

- DEO ap travay an patenarya ak FHFC pou jwenn lajan CDBG-DR avèk lòt sous finansman tankou, men pa sèlan, Kredi Enpo pou Lojman pou Ti Revni ep Finansman Obligasyon San Enpo.
- DEO ap travay an kolaborasyon avèk FHFC pou sèvi ak lajan CDBG-DR apa pou bay prè san enterè pou kreye nouvo konstriksyon pou plizyè fanmi.

FHFC rele aplikasyon li yo Demann pou Aplikasyon (RFA). Si rete lajan apre seleksyon finansman an fini nan yon RFA epi pa gen okenn aplikan kalifye ankò pou finance apati RFA sa a, rès lajan an pral ale nan bidjè finansman total yon lòt RFA. Pou egzanp, si tout aplikasyon ki kalifye yo jwen lajan nan RFA Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Ti Lojman pou Lwe a, men rete \$ 7 milyon nan bidjè ki kpa sèvi, FHFC ap re-distribye \$ 7 milyon ki rete a dola pou finance yon aplikasyon ki pa jwenn lajan nan RFA "Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Mobilizasyon Fon CDBG-DR ak Lòt Sous" oubyen "Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv" yo.

FHFC ap gen ladan kritè pou priyorize pwojè yo pwopoze ti nan pwogram sa a yo nan Lojman Abòdab pou Mendèv - Demann pou Aplikasyon (RFA) pou Nouvo Konstriksyon. Direktiv sa a yo ap disponib sou paj wèb FHFC a epi yo pral demontre kijan pwogram yo pral pwomouvwa lojman abòdab nan zòn ke Eta a epi HUD deziyen zòn ki pi afekte ak epi pi sinistre yo.

Lwaye abòdab

Nou pral sèvi ak jan FHFC defini lwaye abòdab ki sou sit [entènèt](#) sa a.

Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv Mobilizasyon Fon CDBG-DR ak Lòt Sous Finansman

Kote ki apwopriye nan kominote ke HUD idantifye ki pi afekte epi pi sinistre yo, fon CDBG-DR yo kapab efektivman marye ak Kredi Enpo Lojman Revni Fèb 4 pousan, Finansman Obligasyon San Enpo lokal oswa eta , Kredi Enpo Lojman Revni Fèb 9 pousan evni nan kèk zòn pi chè yo pou pwodwui nouvo inite lojman ak lwaye abòdab. Zòn chè yo se zòn kote depans konstriksyon yo tèlman wo ke yon apwòch obligasyon/LIHTC ki pa konpetitif 4 pousan/CDBG-DR (oswa CDBG-DR pou kont li) pa p sifi. Se kredi enpo ki pral pi gwo mwayen pou makzimize fon yo. Fon CDBG-DR pral sèvi prè zewo enterè ki ka efese pou konpayi konstriksyon (ki fonksyone avèk ou san benefis) elijib, epi biwo pou lojman leta.

Pou inite k ap konswiti ak lajan ki soità nan anba minimòm rezèk pou Keys yo, apwòch sèvi ak fon nan CDBG-DR pu leve ak lòt sous finansman pou w fè gwo konstriksyon pa toujou yon apwòch ki miyò akòz pwoblèm itilizasyon tè ki spesifik ak Konte Monroe. Se poutèt sa, met sou konstriksyon kay pou lwe tradisyonèl yo, yo pral pèmèt epi

bay priyorite pou lòt kalite konstriksyon pou lwe. Pami yo ka gen ladan kay pou lwe pou yon sèl fanmi, kay pou lwe k ap konswiti pou plizyè sit pasi-pala, epi konstriksyon pou lwe ki nan yon Tè Kominotè Pwoteje (CLT). Pou devlopman sa a yo, yo ka sèvi ak lajan CDBG-DR pou bay finansman endepandan oswa kòm sous prensipal fon ki nesèsè pou finanse konstriksyon an.

Limit maksimòm sibvansyon yo ap swiv limit pou chak inite selon Pwogram Patenarya Envestisman HOME epi yo pral vize fanmi ki gen revni fèb oubyen mwayen. Inite ki konstwi nan pwogram sa a pral swiv pou minimòm prensip pwogram HOME nan oswa prensip pi rijid nenpòt lòt sous finansman ki sèvi pou peye konstriksyon an epi pral rezève pou kantite tan CDBG-DR egzije ke yo rete abòdab yo mete sou sa tan an plis ke finansman adisyonèl la egzije (tankou FHFC oswa Obligasyon San Enpo lokal epi/oswa Kredi Enpo Lojman Ti Revni yo pa egzanp). Sizoka yon pwogram gen mwens egzijans, se pwogram ki gen plis egzijans yo ki pral pran priyorite pou asire tout kondisyon yo satisfè. Aplikan elijib yo ap oblije montre ke yo kapab rapouswiv konstriksyon an, ke yo gen eksperyans nan konstwi epi jere lojman abòdab nan kantite ak anplè ki pwopoze a epi yo ke yo gen yon estrikti finansman ki sèvi ak finansman CDBG-DR pou levye. Pou asire ke pwojè konstriksyon ki pwopoze ka fèt li pral gen yon garanti finansye selon nòm asirans FHFC yo.

Tout nouvo konstriksyon lojman ap satisfè egzijans elevasyon selon Avi Rejis Federal le 9 fevriye 2018 ak kondisyon acha NFIP yo anvan kòmansman aktivite konstriksyon an konfòmite avèk paj 61 ak paj 65 Avi Rejis Federal la. FHFC pral redije politik ak pwosedi detaye yo pita.

Alokasyon pou Aktivite a : \$ 100 000 000

Aplikan elijib : aplikan elijib yo pral gen ladan konpayi konstriksyon lojman ki fonksyone avèk ou san benefis, epi otorite lojman piblik ki gen eksperyans nan konstwi epi jere pwopriyete pou lwe nan kantite ak konstriksyon yo pwopoze a. Gouvènman lokal yo ka fè patnerya avèk enstitisyon sa a yo nan aplikasyon pou fon sa a yo.

Kritè elijibilite : konstriksyon ki pwopoze yo dwe ede reponn bezwen ki pa satisfè yo nan zòn HUD idantifye ki pi afekte epi pi sinistre yo, oswa nan lòt zòn tanpèt yo afekte epi yo Eta a konsidere priyorite.

Tout konstriksyon ki finanse yo pral oblije satisfè kritè sa a yo :

- Estanda Bilding Ekolojik
- Estanda Efikasite Enèji
- Estanda Aksesibilite ak Vizibilite
- Estanda Rezistans

Prim Sibvansyon Maksimòm : \$ 8 000 000

Antite ki responsab administrasyon an : Kòporasyon Finansman Lojman Florid

Elijibilite : 105(a)(2)

Objektif nasyonal : alokasyon pou moun ki touche revni fèb ak revni mwayen

***Remake** : Kòporasyon Finansman Lojman Florid la ka panse ogmante limit pou chak inite a. Pou sa fèt, aplikan potansyèl yo dwe soumèt nan kòmantè piblik enfòmasyon ki sifizan epi espesifik ki jistifye bezwen an. Ou ka soumèt kòmantè piblik la isit la : <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily->

[programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments.](#)

Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Finansman pou Ti Lojman pou Lwe

Gen kèk zòn nan eta a ke tanpèt la afekte kote li pa posib finanse nouvo devlopman lwaye ak Finansman Obligasyon San Enpo ; sitou pou ti konte ki pa gen anpil moun yo ke HUD idantifye kizòn ki pi afekte ak sinistre. Sa a se sitou pakse zòn sa a yo bezwen ti pwopriyete epi Finansman Obligasyon San Enpo pa efikas nan ka sa a. Pou zòn sa a yo, CDBG-DR yo pral sèl ou byen pi gwo sous lajan pou finanse konstriksyon an. Fon CDBG-DR pral sèvi prè san enterè ki ka efase.

Konstriksyon ki fèt ak estrateji sa a pral 50 inite oswa mwens pou asire ke pwojè a ap dirab. Limit maksimòm sibvansyon yo ap swiv limit pou chak inite selon Pwogram Patenarya Envestisman HOME epi yo pral vize fanmi ki gen revni fèb epi mwayen. Inite ki konstwi nan pwogram sa a pral swiv pou minimòm prensip pwogram HOME nan oswa prensip pi rijid nenpòt lòt sous finansman ki sèvi pou peye konstriksyon an epi pral rezève pou kantite tan CDBG-DR egzijè ke yo rete abòdab yo mete sou sa tan an plis ke finansman adisyonèl la egzijè. Sizoka yon pwogram gen mwens egzijans, se pwogram ki gen plis egzijans yo ki pral pran priyorite pou asire tout kondisyon yo satisfè. Pou yo kapab konsidere yo pou finansman aplikan elijib yo ap oblije montre ke yo kapab rapouswiv konstriksyon an, ke yo gen eksperyans nan konstwi epi jere lojman abòdab nan kantite ak anplè ki pwopoze. Pou asire ke pwojè konstriksyon ki pwopoze ka fèt li pral gen yon garanti finansye selon nòm asirans FHFC yo.

Alokasyon pou Aktivite a : \$20 000 000

Aplikan elijib : aplikan elijib yo pral gen ladan konpayi konstriksyon lojman ki fonksyone avèk ou san benefis, epi otorite lojman piblik ki gen eksperyans nan konstwi epi jere pwopriyete pou lwe nan kantite ak konstriksyon yo pwopoze a. Gouvènman lokal yo ka fè patnerya avèk enstitisyon sa a yo nan aplikasyon pou fon sa a yo.

Kritè elijibilite : konstriksyon ki pwopoze yo dwe ede reponn bezwen ki pa satisfè yo nan zòn HUD idantifye ki pi afekte epi pi sinistre yo, oswa nan lòt zòn tanpèt yo afekte epi yo Eta a konsidere priyorite.

Tout konstriksyon ki finanse yo pral oblije satisfè kritè sa a yo :

- Estanda Biding Ekolojik
- Estanda Efikasite Enèji
- Estanda Aksesibilite ak Vizibilite
- Estanda Rezistans

Prim Sibvansyon Maksimòm : \$ 5 000 000

Antite ki responsab administrasyon an : Kòporasyon Finansman Lojman Florid

Elijibilite : 105(a)(2)

Objektif nasyonal : alokasyon pou moun ki touche revni fèb ak revni mwayen

***Remake** : Kòporasyon Finansman Lojman Florid la ka panse ogmante limit pou chak inite a. Pou sa fèt, aplikan potansyèl yo dwe soumèt nan kòmantè piblik enfòmasyon ki sifizan epi espesifik ki jistifye bezwen an. Ou ka soumèt kòmantè piblik la isit la : <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily->

[programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments](https://www.floridahousing.org/programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments).

Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv

Gen bezwen tou pou finansman pou achte tè pou konstriksyon lojman abòdab pou reponn bezwen lojman endèv nan kominote atravè eta a. Sa a vre sitou nan Florid Keys ak lòt zòn nan eta a kote pa gen anpil teren ki vin fè teren vann chè anpil ki ka fè li difisil pou konswi pwopriyete ke mendèv nan kominote a ka lwe nan yon pri abòdab. DEO, an patenarya ak FHFC, pral jere yon pwogram ki pral bay finansman pou achte tè ak ki pral bay angajman fòmèl piblik/prime priyorite nan konstriksyon lojman abòdab. Pwopriyete yo pral gen garanti pou asire ke yo resevwa nivo sibvansyon apwopriye a. Pwogram sa a ka sèvi pou konplete Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab yo pou asire ke yo ka satisfè bezwen lojman abòdab. Tit tè a kapab rete apa pwogram konstriksyon lojman abòdab la lè konsa pral gen restriksyon sou tit la pou asire ke inite yo rete abòdab alontèm.

Alokasyon pou Aktivite a : \$20 000 000

Aplikan elijib : aplikan elijib yo pral gen ladan konpayi konstriksyon lojman ki fonksyone avèk ou san benefis, epi otorite lojman piblik ki gen eksperyans nan konstwi epi jere pwopriyete pou lwe nan kantite ak anplè konstriksyon yo pwopoze a.

Kritè elijibilite : konstriksyon ki pwopoze yo dwe ede reponn bezwen ki pa satisfè yo nan zòn HUD idantifye ki pi afekte epi pi sinistre yo, oswa nan lòt zòn tanpèt yo afekte epi yo Eta a konsidere priyorite.

Prim Sibvansyon Maksimòm : \$ 5 000 000

Antite ki responsab administrasyon an : Depatman Opòtinite Ekonomik Florid

Elijibilite : 105(a)(2)

Objektif nasyonal : alokasyon pou revni fèb ak mwayen

***Remake** : *Kòporasyon Finansman Lojman Florid la ka panse ogmante limit pou chak inite a. Pou sa fèt, aplikan potansyèl yo dwe soumèt nan kòmantè piblik enfòmasyon ki sijizan epi espesifik ki jistifye bezwen an. Ou ka soumèt kòmantè piblik la isit la : <https://www.floridahousing.org/programs/developers-multifamily-programs/competitive/2018/community-development-block-grant-disaster-recovery-programs/public-comments>.*

Pwogram Volontè Reyachte Kay

Redwi risk inondasyon nan zòn rezidansyèl yo se yon priyorite pou Eta Florid. Divizyon Jesyon Ijans Florid (FDEM) rekòmande pou tout konte yo konsantre sou achte pwopriyete san asirans inondasyon nan Zòn Risk Espesyal pou Inondasyon yo. Pwiske li rekonèt gwo bezwen sa a, DEO pral kreye yon pwogram volontè pou reyachte kay pou ankouraje rediksyon risk nan achte pwopriyete rezidansyèl nan zòn ki gen gwo risk inondasyon. **Se sou-benefisyè ki entere nan pwojè reyacha yo ki responsab soutni epi yo soumèt :**

- Estimasyon
- Sèvis legal ak sèvis sou tit pwopriyete
- Sèvis konsèy pou mèt kay
- Ekzamen anviwònmanal, epi
- Pwosesis reyachte ki asosye yo.

Konte ki enterese patisipe yo pral gen de (2) opsyon finansman posibl pou pouswiv reyacha kay. Premye opsyon an se pou yo sèvi ak fon CDBG-DR pou koresponn a finansman pou pwojè yo ki elijib tou pou Pwogram Sibvansyon pou Asistans Rediksyon Danje (HMA) yo. Dezyèm opsyon an se travay dirèkteman avèk DEO sou pwojè ki nan zòn ki gen revni fèb ak mwayen yo pou reyachte zòn rezidansyèl pou kreye espas tou louvè pèmanan pou ajoute enfrastrikti vèt oswa lòt sistèm jesyon plenn inondab.

DEO pral bay priyorite pwojè reyachte kay ki konsantre sou akizisyon nan zòn rezidansyèl ki satisfè kondisyon revni fèb ak mwayen yo. Pwogram reyacha ki swiv CDBG-DR la ap oblije satisfè avantaj pou zòn revini fèb ak mwayen (LMA) pou finansman konsa DEO ka satisfè oswa depase egzijans jeneral soutyen li gen pou li ba revni fèb ak mwayen yo.

Vil ak konte ki enterese nan pwogram sa a ap travay avèk ekip DEO monte a pou detèmine posibilite pwojè a. Yon fwa ke yo detèmine yon pwojè posib li pral elijib pou finansman nan pwogram sa a. Yo ankouraje gouvènman lokal yo pou yo sèvi ak maryaj fon ekivalan nan ak pwogram sa a epi yo pral elijib tou pou ajoute ensitatif pou mèt kay pou ankouraje relokizasyon.

Kritè adisyonèl pou tou de opsyon pwogram acha mètkay la, ki gen ladan yon kat pwosesis pou kowòdinasyon ak Divizyon Jesyon Ijans Florid pral detaye nan gid Pwogram Reyachte Kay yo dwe pibliye apre apwobasyon plan d aksyon sa a. DEO pral jere akò sou-benefisyè yodirèkteman ak gouvènman lokal elijib yo epi kowòdone ak patenè nou yo nan FDEM sou evalyasyon aplikasyon pwojè yo, revizyon resous anviwònman ak kiltirèl ki egzijib yo epi ak enplimantasyon pwogram yo, lè sa aplikab.

Pou tout pwopriete sou-benefisyè te achte nan Pwogram Volontè Reyachte Kay la lè tranzasyon an ap fini yo dwe siyen yon kontra ak restriksyon pou tou tan (ki rete menm si tè a chanje mèt) ki entèdi tout lòt konstrikson sou sit la. Nouvo konstrikson sa a ta sou yon lòt sit ki gen mwens risk inondasyon e ki ta bati selon kòd bilding yo, estanda elevasyon yo, epi satisfè kondisyon CDBG-DR yo. Pwopriete ki te jwenn reyabilitasyon oswa reparasyon nan Pwogram Reparasyon Lojman an pa p elijib pou asistans nan Pwogram Volontè Reyachte Kay la. Sepandan, selon chak ka, inite lojman ki te demoli nan Pwogram Volontè Reyachte Kay la kapab elijib pou nouvo konstrikson/ranplasman, nan yon zòn ki pa zòn reyacha a, nan Pwogram Reparasyon Kay la selon avi DEO. Pa gen okenn sit oswa pwopriete espesifik ki dwe achte, byenke DEO ka limite rechèch li pou sit altènatif yo pou yon zòn jeyografik jeneral. Si DEO vle achte plizyè sit nan yon zòn jeyografik jeneral sou baz sa a, tout mèt kay dwe jwenn menm trètman. Pwopriete yo pral achte pa nan yon zòn pwojè yo te prevwa, planifye, oswa deziyen kote yo pral achte tout oswa preske tout pwopriete ki nan zòn lan nan yon limit tan espesifik. DEO pa p achte pwopriete a si negosyasyon yo pa bay yon akò amikab, epi yo fè mèt kay la sa konnen sa alekri. DEO pral enfòmè pwopriyetè a alekri sa DEO wè ke pwopriete a vo sou mache a. Yo pral sèvi ak Evalyatè Imobilye Lisansye Eta Florid pou estime konbyen pwopriete yo ki nan pwogram reyacha a vo. DEO pral ofri mèt kay la menm kantite lajan kay la te vo lè yo te evalye l avan tanpèt la. Mete sou sa, DEO pral tabli politik sou ensitasyon pou ankouraje reyenstalasyon yo. Règleman DEO a pral asire ke ensitasyon pou reyenstalasyon li yo konfòm yo avèk egzijans Dwa Sivil ak Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman aplikab yo e ke pa gen okenn diskriminasyon kont yon klas ki pwoteje.

Alokasyon pou Aktivite a: \$ 75 000 000

Aplikasyon Elijib : Konte ak minisipalite ki pami konte ki te resevwa deklarasyon IA ak PI nan men FEMA apre Siklòn Irma.

Kritè Elijiblite yo : Zòn reyacha ki pral bay fè yon pwojè fezab ki pral satisfè yon avantaj LMA.

Prim Sibvansyon Maksimòm : \$ 5 000 000

Antite ki responsab administrayon an : Inite Gouvènman Lokal Jeneral (UGLG)

Elijiblite: 105(a)(I), 83 FR 5844-35 Ensitasyon pou lojman nan kominote katastwòf te afekte yo

Objektif nasyonal : alokasyon pou moun ki touche revni fèb ak revni mwayen

Yo pral fè yon revizyon elijiblite zòn reyacha yo pou asire ke izaj final pwopriyete yo bay yon zòn sèvis pou pwojè a kote omwen 51 pousan rezidan yo LMI.

Reyitilizasyon kreyativ konpatib pwopriyete a

DEO pral kreye gid ak meyè pratik pou kominote yo ka konsidere fason yo ka sèvi ak pwopriyete ki achte nan pwogram sa a nan yon manyè k ap benefisye piblik la, epi ki satisfè egzijans HUD genyen pou espas vèt pèmanan. Sa gendwa gen ladan konsepsyon kreyatif pou itilizasyon dlo lapli, espas pak ak lòt egzanzp ankò. Yo pral ankouraje kominote k ap patisipe nan pwogram sa a pou yo gen yon plan k ap montre fason yo pral sèvi ak pwopriyete sa a alavni pou yo plis redui risk inondasyon ak/oswa fason l ap sèvi kòm yon espas lwazi pou piblik la.

Apandis 11 : Pwojeksyon depans

DEO te devlope yon kalandriye pèfòmans ak depans ki gen ladan previzyon pèfòmans pou ni depans ni mezi rezilta pou pwogram, livrezon pwojè ak aktivite administrasyon yo ki nan graf la anba a.

Kategori kou	31/3/2018	30/6/2018	30/9/2018	31/12/2018	31/3/2019	30/6/2019	30/9/2019	31/12/2019	31/3/2020	30/6/2020	
	Twazyèm trimès 2017-2018	Katriyèm trimès 2017-2018	Premye trimès 2018-2019	Dezyèm trimès 2018-2019	Twazyèm trimès 2018-2019	Katriyèm trimès 2018-2019	Premye trimès 2019-2020	Dezyèm trimès 2019-2020	Twazyèm trimès 2019-2020	Katriyèm trimès 2019-2020	Premye trimès 2020-2021
Kou administrasyon	\$0	\$0	\$268 157	\$645 101	\$2 170 447	\$1 242 157	\$1 288 361	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299
Kou planifikasyon	\$0	\$0	\$109 772	\$0	\$0	\$45 266	\$12 557	\$95 000	\$95 000	\$95 000	\$95 000
Pwogram Reparasyon Lojman				\$352.703	\$1 164 558	\$5 834 782	\$4 564 854	\$9 564 854	\$15 164 854	\$16 224 854	\$17 390 854
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Mobilizasyon Lòt Sous Finansman											
Konstriksyon Nouvo Lojman											
Lwaye Abòdab Mendèv : Acha Teren pou Ti Lojman pou Lojman Abòdab pou Mendèv											
Pwogram Volontè Reyachte Kay											\$7 500 000
Fòmasyon Mendèv pou Repriz											\$10 000 000
Silvansyon pou Retablisman Biznis											\$10 000 000
Repare epi Limite Dega Enfrastrikti											\$28 060 153
TOTAL	\$0	\$0	\$377 929	\$997 804	\$3 335 005	\$7 122 206	\$5 865 772	\$11 400 153	\$17 000 153	\$17 000 153	\$56 726 153

Kategori kou	Dezyèm trimès 2020-2021	Twazyèm trimès 2020-2021	Katriyèm trimès 2020-2021	Premye trimès 2021-2022	Dezyèm trimès 2021-2022	Twazyèm trimès 2021-2022	Katriyèm trimès 2021-2022	Premye trimès 2022-2023	Dezyèm trimès 2022-2023	Twazyèm trimès 2022-2023	Katriyèm trimès 2022-2023
Kou administrasyon	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299
Kou planifikasyon	\$95 000	\$95 000	\$94 705	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000
Pwogram Reparasyon Lojman	\$18 673 454	\$20 084 314	\$21 632 630	\$18 564 854	\$18 564 854	\$18 564 854	\$18 564 854	\$18 064 854	\$17 814 854	\$17 814 854	\$17 564 854
Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Mobilizasyon Lòt Sous Finansman	\$25 000 000	\$25 000 000	\$25 000 000	\$25 000 000							
Konstriksyon Nouvo Lojman											
Lwaye Abòdab Mendèv : Ti Lojman	\$5 000 000	\$5 000 000	\$5 000 000	\$5 000 000							
Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv											
Pwogram Volontè Reyachte Kay	\$25 000 000	\$25 000 000	\$25 000 000	\$25 000 000							
Fòmasyon Mendèv pou Repriz	\$7 500 000	\$2 500 000	\$2 500 000	\$2 500 000							
Silvansyon pou Retablisman Biznis	\$18 000 000	\$14 000 000	\$14 000 000	\$14 000 000							
Repare epi Limite Dega Enfrastrikti	\$20 000 000	\$20 000 000	\$25 819 653	\$25 819 653							
Total	\$126 008 753	\$118 419 613	\$125 787 287	\$55 395 153	\$20 395 153	\$20 395 153	\$20 395 153	\$19 895 153	\$19 645 153	\$19 645 153	\$19 395 153

Kategori kou	Premye trimès 2023-2024	Dezyèm trimès 2023-2024	Twazyèm trimès 2023-2024	Katriyèm trimès 2023-2024	Total
Kou administrasyon	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$1 740 299	\$38 679 900
Kou planifikasyon	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$90 000	\$1 912 300
Pwogram Reparasyon Lojman	\$17 564 854	\$17 564 854	\$17 564 854	\$17 320 041	\$346 186 147
Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv : Mobilizasyon Lòt Sous Finansman					\$100 000 000
Konstriksyon Nouvo Lojman					\$20 000 000
Lwaye Abòdab pou Mendèv : Ti Lojman					\$20 000 000
Acha Teren pou Lojman Abòdab pou Mendèv					\$20 000 000
Pwogram Volontè Reyachte Kay					\$75 000 000
Fòmasyon Mendèv pou Repriz					\$20 000 000
Silvansyon pou Retablisman Biznis					\$66 000 000
Repare epi Limite Dega Enfrastrikti					\$85 819 653
Total	\$19 395 153	\$19 395 153	\$19 395 153	\$19 150 340	\$773 598 000

